

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Jaman kiwari réa pisan sastrawan anu medalkeun karya nu museur dina widang atikan boh puisi boh prosa boh drama. Eta karya lain waé mangrupa buku tapi ogé bisa mangrupa audio atawa audio visual. Salasahiji contona téh nya éta *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana. Éta tembang téh mangrupa album pupuh tungtunan anggoeun bahan diajar. Eusina aya 11 tembang nu aya dina sekar ageung jeung sekar alit.

Katapis Dian Héndrayana dina ngarang tembang téh geus teu dicangcaya deui. Réa pisan kawih atawa tembang anu rumpakana meunang nganggut anjeunna. Lian ti mahér dina nganggut lagu, Dian ogé resep tulas-tulis sarta karyana dimuat dina majalah *Manglé*. Aya ogé sawatara buku karya Dian nu geus medal, diantarana waé aya buku *Serat keur Emay, Béntang Hariring, Dina Kawih Aya Tembang, Lagu Ngajadi*, sarta buku-buku bahan pangajaran basa Sunda.

Salah sahiji karyana anu kungsi dilélér hadiah Sastra Rancagé nya éta buku *Lagu Ngajadi* dina taun 2015. Éta buku téh eusina mangrupa kumpulan dangding. Ku ayana éta hal téh minangka bukti yén kamahéran Dian dina kasusastraan Sunda téh kawilang hadé. Ku kituna, dina tembang atikan ogé bisa disebut salah sahiji karyana anu nyongcolang. Rumpaka dina tembang atikan téh nya éta mangrupa guguritan.

Nurutkeun Iskandarwassid (dina Isnendes, 2010, kc. 6), sastra téh karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra) kaasup fungsina atawa makéna basa. Jejer karya sastra enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa.

Wangun sastra Sunda téh aya tilu rupa, nya éta prosa, puisi, jeung drama. Puisi nyaéta karangan nu basana dirakit pinuh ku wirahma kauger ku wangun jeung diksi, ungkara kalimahna henteu lancar atawa basa sapopoé. Puisi heubeul téh aya dua warna nya éta:

- 1) Nu ngawujud carita, hartina téksna wangun puisi tapi eusina ngawujud carita atawa naratif. Puisina téh kayaning pantun jeung wawacan.
- 2) Nu teu ngawujud carita, nya éta mantra, sisindiran, kakawihan, sair, jeung pupuh (Isnendes, 2010, kc. 58).

Guguritan nyaéta ungkara sastra anu winangun dangding atawa pupuh. Biasana ngagambarkeun rasa lirik anu nulisna atawa mangrupa naséhat. Guguritan wangunna pondok lantaran ditulis ngan dina hiji pupuh (Rosidi, 2011). Boh guguritan, boh dangding, boh pupuh raket patalina jeung tembang. Réa tembang cianjuran nu rumpakana ngagunakeun wangun guguritan. Cindekna mah tembang téh guguritan nu dihaleuangkeun dina wangunan lagu.

Sabada dipaluruh dina rumpaka *Album Tembang Atikan* réa ajén atikan nu nyampak. Ku kituna pikeun ngaguar éta téh digunakeun ulikan struktural jeung étnopédagogi. Struktur puisi dina hakékatna mah kabagi jadi dua nya éta struktur lahir jeung struktur batin. Nu disebut struktur lahir téh diwengku ku diksi, imaji, kecap konkret, majas, ritme jeung rima. Ari struktur batin diwengku ku téma, rasa, nada, jeung amanat (I.A. Richard & Alton C. Morris dina Isnendes, 2018).

Nurutkeun Alwasilah (2009), étnopédagogi nyaéta prakték atikan anu nyokona kana kearifan lokal nu ngawengku *pengobatan*, seni béla diri, lingkungan hirup, tatanén, ékonomi, pamaréntahan, sistem nangtukeun tanggal, jeung réa-réa deui. Etnopédagogi ogé niténan yén pangaweruh atawa kearifan lokal téh minangka sumber inovasi nu bisa digunakeun pikeun karaharjaan masarakat. Éta pamadegan téh sarua jeung Ruhaliah (dina Patria, 2016) nu nétélakeun yén étnopédagogi nyaéta élmu dumasar kana budaya katut adat masarakat nu kudu dimumulé sangkan mekar tur ngawujudkeun kahirupan nu leuwih cukul.

Dina étnopédagogi, digunakeun analisis pangwangunan karakter manusa Sunda nu pengkuh agamana, jembar budayana, luhung élmunana, jeung rancagé gawéna. Éta karakter téh teu leupas tina moral manusa nu aya genep perkara kayaning moral manusa ka pangéranna, moral manusa ka alam, moral manusa ka diri pribadina, moral manusa ka waktu, moral manusa ka manusa séjén, jeung moral manusa kana kasugemaan lahir jeung batin.

Ieu panalungtikan téh lain nu munggaran diayakeun tapi aya sababaraha urang nu geus nalungtik kana ieu obyék kayaning Astriani jeung Koswara (2017) nu

judulna *Lirik Tembang Cigawiran (Kajian Historis, Stukturural, Etnopédagogi)*. Aya ogé Patria (2016) nu nalungtik *Lirik Kawih Klasik Gamelan Kliningan Cicih Cangkurileng (Tilikan Struktural, Semiotik, Etnopédagogik)*. Ningsih (2018) nalungtik *Kajian Semiotik dan Etnopédagogi dalam Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran*. Safari (2019) nalungtik perkara *Rumpaka Kawih Sunda Islami Sanggian Mang Koko pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMP Kelas VIII (Ulukan Struktur jeung Ajén Atikan)*. Aya ogé anu nalungtik ngeunaan rumpaka téh nya éta Gusnira (2018) anu judulna *Rumpaka Album Kawih Deudeuh jeung Geugeut karya Eddy D. Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulukan Struktural jeung Ajén Estétika)*. Lian ti panalungtikan anu obyékna mangrupa lagu, aya ogé panalungtikan nu méh sarua nalungtik puisi téh nya éta Aulina (2019) nu nalungtik *Kumpulan Sajak jeung Dangding Di Nagri Katumbiri karya Dédy Windyagiri (Ulukan Struktural jeung Estétika)*. Éta sawatara panalungtik téh dina enas-enasna mah sarua ngulik puisi. Ngan béda warnana wungkul, nya éta antara puisi heubeul jeung puisi anyar anu satuluyna jadi rumpaka boh dina tembang boh dina kawih. Sakabéh panalungtik ogé ngabogaan udagan nu sarua, nya éta hayang ngawanohkeun deui karya satra Sunda dina wangun lagu jeung puisi nu saéstuna mah euyeub pisan ku ajén inajén. Kitu deui dina ieu panalungtikan ébréh pisan dina salah sahiji rumpakana.

*Meugeus atuh ulah rék pabedang-bedang
badis nu taya budi
éra ku sasama
lampah téh kawas budak
hadé silih mikaasih
silih ajénan
ulah sok hiri dengki*

Tina sempalan éta rumpaka téh atra pisan yén urang téh kudu silih mikaasih ka sasama ulah rék pabedang-bedang nu tungtungna jadi hiri dengki. Éta téh kaasup kana ajén moral ka papada manusa. Ku kituna geus ngabukti yén *Tembang Atikan karya Dian Héndrayana* téh cocog pikeun ditalungtik.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Ieu panalungtikan ngaidentifikasi sababaraha masalah, di antarana:

- 1) kurangna pamahaman ngeunaan tembang;
- 2) kurangna pamahaman kana unsur struktural nu aya dina tembang;
- 3) kurangna kanyaho ngeunaan ajén atikan nu aya dina tembang.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, rumusan masalah nu diguar dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur pupuh nu nyampak dina rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana?
- 2) Kumaha struktur puisi nu nyampak dina rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana?
- 3) Kumaha ajén étnopédagogi nu nyampak dina *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang tur rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum sarta husus, nyaéta ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngawanohkeun tur numuwuhkeun kareueus kana budaya daérah nu kaunggel dina karya sastra sangkan dipikawanoh ku masarakat. Salian ti éta, bisa dijadikeun alternatif dina ngeuyeuban rumpaka tembang nu aya.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur pupuh dina rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana,
- 2) struktur puisi dina rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana,
- 3) ajén étnopédagogi dina rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nyaéta: 1) mangpaat tina segi teoritis, 2) mangpaat tina segi kawijakan, 3) mangpaat tina segi praktis, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Manfaat tina Segi Teoritis

Mangpaat sacara teoritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna dina tembang. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé mibanda mangpaat pikeun ngeuyeuban paélmuan struktural jeung ajén atikan (étnopédagogi).

1.4.2 Manfaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang sumanget pikeun ngaraksa-ngariksa warisan budaya karuhun Sunda salasihijina nyaéta tembang nu mibanda ajén-ajén luhung pikeun dijadikeun pieunteungeun dina kahirupan jaman kiwari dina widang atikan. Salian ti éta, pamaréntah dipiharep bisa museurkeun paniténna kana karya sastra Sunda hususna tembang pikeun ulikan dina widang atikan.

1.4.3 Manfaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung rumpaka tembang nu diulik ku struktural jeung étnopédagogi.
- 2) Pikeun mahasiswa, bisa nambahan pangaweruh kana karya sastra sarta bisa dijadikeun acuan pikeun panalungtikan satuluyna.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun karesep kana karya sastra tur warisan karuhun nu euyeub ku ajén inajén. Masarakat kudu ngarojong kana seni hususna tembang sangkan bisa tetep nanjeur di tengah-tengah kahirupan modéren.

1.4.4 Manfaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang sumanget pikeun ngaraksa-ngariksa warisan budaya karuhun Sunda salasihijina nyaéta tembang nu mibanda ajén-ajén luhung pikeun dijadikeun pieunteungeun dina kahirupan jaman

Setiadi Ramdani, 2021

RUMPAKA TEMBANG ATIKAN KARYA DIAN HÉNDRAYANA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kiwari dina widang atikan. Sarta pikeun pamaréntah dipiharep bisa muserkeun paniténna kana karya sastra Sunda hususna tembang pikeun ulikan dina widang atikan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Anapon sistematika tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II medar tiori nu aya patalina jeung panalungtikan. Sawatara tiori nu dipedar di antarana tembang, struktural, jeung etnopedagogi, ngeunaan panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

Bab III medar métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jembar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun, téhnik dina ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV medar hasil panalungtikan sacara gembeng tina hasil panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékomendasi.